

Gid Aprantisaj Eksplorasyon

Discovery Woods

"Pye Bwa Discovery"

Eksplore tout kreyati ak plant ki mande **manje, dlo, è, ak abri** pou yo kapab grandi e devlope. Yon **abitasyon** bay bagay kap viv yon bon konbinasyon a eleman sa yo, selon bezwen yo.

ESEYE SA

Ekzibit: Discovery Woods "Pye Bwa Discovery"

Jwen mikwoabitasyon—Ti kote ki andedan pi gwo kote—nan mitan Discovery Woods "Pye Bwa Discovery" Mikwoabitasyon kabab yon branch bwa ki tonbe, anba yon wòch, yon chemen nan mitan zèb ki wo, oubyen yon pil fèy.

- Eske ou jwenn okenn evidans de kreyati kap viv nan zòn lan?
 - Ki tip de bèt oubyen moustik ke ou panse w'ap jwenn?
- Kijan ke chak abitasyon bay manje, dlo, è, abri e/ouben limyè?

Gade plant nan Discovery Woods yo pre? Eske ou konstate similarite ak diferans ke ou konstate? Obsève detay tankou fèy yon plant ak gwochè li, ke lap fleri ouyen li pap fleri (depandan sezon), e si li grandi ho oubyen li rete ba sou tè a.

Pratike li **almanak** e fè obsèvasyon pandan ke ou navige chemen yo nan Great Hill Conservation Land.

ESEYE SA

Ekzibit: Great Hill Conservation Land "Tè Konsèvasyon Great Hill"

Sèvi ak almanak Great Hill Conservation Land pou kapab ede navige Bessie's Trail, nan yon ti loup 0.4 mile ki kòmanse nan yon chemen nan Discovery Woods. (Kat Jeografik disponib nan tab Admisyon an).

Gade pou tag Bessie's Trail nan pye bwa ke make chemen an.

- Pou defi adisyonèl, sèvi ak almanak lan pou idantifye chemen an selon tag koulè ke ou jwenn nan pye bwa yo. Pratike Bessie's Trail, epi konsilte almanak lan pou selekte nan yon chemen adisyonèl pou kapan swiv. (Tanpri note: Li enpòtan pou granmoun kap akonpaye yo pou yo kapab santi ke yo konfòtab pou yo li almanak chemen an oubyen gen eksperyans navige chemen.
- Chacke mak natirèl, tankou wòch enteresan ki gen koulè oubyen yon tron pye bwa ki inik, ki kapab itil pou navigasyon.

Fouye pi fon

Reflète e kominike

Eske ou te dekouvri yon bagay nouvo oubyen enteresan nan Discovery Woods? Pale de sa ke ou dekouvri.

Fè koneksyon

Vizite *Wi! Se Matematik! Galri* ak *Math Balcony "Balkon Matematik"* pou wè egzanp modèl dan la nati. Eksperimante ak dlo kap koule nan *Water Gallery "Galri Dlo"* e panse a pwopo de fenomèn ke moun fè ak sa ki natirèl ki chanje, dirèk, oubyen kontwole jan ke dlo a koule. Eksplòre pwopriyete nan lè ki nan *AirPlay Gallery "Galri Jwe nan Lè"*.

Eskplòre plis lakay ou

Kontinye poze kesyon, fè obsèvasyon, fè eksperimantasyon, e predi kijan y'ap soti: Fè yon mache nan katye'w e gade pou evidans de kreyati ki vivan. Eske ou kapab wè okenn mikroabitasyon? Ki son ke ou tande lè ou deyò? Fè yon almanak de katye'w. Ki detay ke yon moun ki nouvo nan zòn lan kapab bezwen pou li jwenn wout li?

Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan ekzibit ki nan Discovery Woods "Pye Bwa Discovery" ou kapab eksplòre konsèp ki konekte ak Kourikoulòm Syans/ Teknoloji/Jeni nan Massachusetts, kourikoulòm ke yo anseye spesifikman nan Anvan-Jaden d'anfan, Jaden d'anfan, Ane 1 a 5, e 7.